# Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ndayjoor daan na ko yéem ci buy sol dàll, ak buy peñewu, ak buy laab, ak ci mbiram yépp

Jële nañu ci Aysatu ndayu jullit ñi-yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ndayjoor daan na ko yéem ci buy sol dàll, ak buy peñewu, ak buy laab, ak ci mbiram yépp.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daan na bëgg di gënale ci tàmbalee ndayjoor ci mbiram yi yelloo teral, te bokk na ca: Nit ki tàmbali ci tànku ndayjooram bu dee sol dall, mu tàmbalee ci ndayjoor bu dee peñe kawaru boppam ak sikkimam ak di leen diw, ak buy jàppu mu jiital tànku ndayjooram ci bu càmmoñ bi ci loxo yi ak ci tànk yi.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee